No. 46 — 24 December 1929 — Taoen 9.

RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25). Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

sampoen kalijan regining Soeara Katholiek

1 taoen . . . f 7,50 } njoewoen kabajar
½ „ . . . f 3,75 } roemijin.

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

ISINIPOEN:

NGATOERAKEN KASOEGENGAN.

L. S.!

Tanggal 25 December!

Dinten poenika OEMOEMIPOEN kaanggep dados bakdan-ipoen kadang Katholiek Djawi, minangka lelintoenipoen 1 Sawal, lan njingkiri sampoen ngantos golongan kita dipoenanggep bakdan wonten tanggal 1 Djanoewari, kados bangsa Walandi!

Para maos!

Swara Tm. ingkang isi seratan poenika, moegi pandjenengan anggep dados lelintoenipoen REDACTIE toewin ADMINISTRATIE Sw. Tm. sowan ngatoeraken kasoegengan: „bekti, taklim toewin pamoedji" dateng Pandjenengan sadaja, wonten ing tanggal 25 December. Manoengsa makaten, sèkèng! Boten wonten ingkang lepat ing kalepatan toewin kalintoe! Mila, sadaja kalepatanipoen Redactie toewin Administratie, moegi Pandjenengan leboer kémawon, kaboetjal dateng sagantèn pangapoenten!

Pangadjeng-adjeng koela ingkang sami tandang damel wonten Redactie toewin Administratie, moegi Pandjenengan sadaja pikantoek barkah rahmating Goesti Allah; toemoesipoen dateng garwa, poetra, toewin wandawa mahanani: wiloedjeng, tentrem, ajoe, joewana.

REDACTIE lan ADMINISTRATIE.

PRADJA RAHAJOE.

KEBLINGER MOEROEGAKEN KÉDER.

Sinareng Pen. maos oréanipoen sadèrèk Sasra ing Swara-tama no. 44. inggih poenika bab „Nasib", ingkang ka-voordracht-aken déning sadèrèk S.H.S.; ing ngandap pijambak wonten oengel-oengelanipoen: „Voordracht koela poenika soemangga sami dipoen-galih."

Mestinipoen ingkang katoedjoe nggalih poenika, boten sanès inggih sadèrèk-sadèrèk ingkang wonten ing Parepatan ngrikoe.

Ewasamanten Pen. kapeksa toemoet-toemoet nggagas, djalaran saking kepranan manah koela, anggènipoen mak „plek" sami, moeroegaken badaring boendelan koela, ingkang koela simpen lami.

Pen. boten badé njrékal voordrachtipoen sadèrèk S. H. S. (tijang sampoen sami) namoeng badé nambahi sakedik.

O, lakar inggih makaten; kasinggihan sanget pangandikanipoen sadèrèk S. H. S. jèn „tijang Djawi poenika ingkang keblinger." Dadosipoen tanah Djawi dawah ing pangoewaosing kradjan sanès, dadosipoen daganganing (pamedaling siti) tijang siti karegem ing tanganing Tjina, dadosipoen kasoegihanipoen tanah Djawi doemoenoeng (manggèn) ing bangsa mantja, poenika sadaja, djalaranipoen boten sanès saking „keblinger."

Tjobi koela badé mendet boekti, sakedik: Wonten satoenggiling tijang doesoen, pikantoek sawer ageng satoenggal, ladjeng kasadé dateng Tjina ingkang tjelak kalijan doesoenipoen ngrikoe, kalijan regi f 4 (kawan roepijah). Tjina ingkang noembas sawer waoe ladjeng dateng kita ingkang inggih boten tebih kalijan (doesoen waoe) ndjoedjoeg dateng grijaning taukénipoen, njrijosaken jèn angsal sawer ageng pandjangipoen . . . . m. Tauké teroes ngabani f 30, — (tigang dasa) noenten kéngkénan moeroegi sawer poenika.

Lah poenika sadèrèk, mangka boten sapisan, saben-saban inggih mekaten.

Sadèrèk-sadèrèk Djawi ing satjelaking doesoen ngrikoe inggih sampoen wonten ingkang ngretos, jèn weloelang sawer poenika awis reginipoen, malah-malah wonten ing pabrikipoen (ingkang nampèni waloelang sawer), éwasamanten sami kèndel kémawon, boten poeroen ngilaki.

Malih sadèrèk! Ing panggènaning Pen. poenika kalebet katah dagangan woeloe wetoening siti (pantjèn tanahipoen loh), saben éndjing, langkoeng-langkoeng jèn Pekenan, ing margi doemoegi ing doesoen, katah Tjina loeroegan saking kita, preloe magang: wos, peté, djanganan, kemoekoes, manis djangan, kopra, palawidja enz. enz. Angsal-angsalanipoen sami winadahan ing grobag, dados pinten-pinten grobag.

Sadèrèk! koela (Pen.) sampoen njoemerepi pijambak, kemoekoes sawidjikan namoeng regi 4 sèn, manis djangan sabengket 2 sèn, madoe sasopi (gendoel ageng) 25 sèn. Tjobi sadèrèk, sareng sampoen wonten ing Tjina, kemoekoes sawidjikan saged medal 50 sèn, manis djangan 30 sèn, madoe (ladjeng kawoworan toja gendis) langkoeng saking f 2,50 (saringgit).

Jèn kaserah oetawi kaandaraken sadaja boekti-boektinipoen jèn tijang Djawi „keblinger" poenika wah boten rampoeng 3 dinten, langkoeng-langkoeng manawi doemoegi totolan, rèntenan, pasar malem, badan (Landi, Tjina, Djawi enz.) enz. saja nglantrah, mila koela tjekak semanten kémawon.

Sapoenika gentos dateng kaoem blandjan. Wah, badé kekel kapeksa boten saged, awit ratjak mèh sami, saben tanggal enèm inggih karoeboeng ing Tjina. Katamoean, tamoenipoen preloe nagih, dateng Patjinan (prijantoen) perloe . . . . njaoer. Mila angger plentong tanggal, pantjèn bingoeng; bingoeng anggènipoen badé mbagi, mila ladjeng kabekeket kentjeng, kabekta dateng panggénan . . . ., dipoenaben, wekasan . . . . telas, mantoek kalijan ngemoet . . . . dridji, doemoegi ing grija paben kalijan sémahipoen, wah ngisin-isini; prijantoen djé ngaten, ning . . . . kaprah, dados . . . loewes; ha-ha!

Mila inggih jektos, tijang „keblinger" poenika moeroegaken „kéder," tegesipoen „kéder gesangipoen," ngamal kadonjan boten gadah, ngamal kasoewargan karisak. Wah, mesakaken, ning . . . . ratjak.

Sapoenika kados-poendi, kita kaoem blandjan (langkoeng-langkoeng goeroe), soepados boten gampil kénging ngèlmoe moesibat (mainan), boten sanès kita kedah sampoen (adja) tilar oekoeran. Sandang, penganggé, teda, pirantosing grija, séwan grija enz. poenika sadaja kedah kaoekoer kalijan blandjanipoen. Sampoen ngantos blandja f 30,— badé njamèni kalijan blandja 75,— inggih mesti bobrok.

P. G. H. B. roemijin sampoen naté ngrembag „actie mendalam," maksoedipoen ingkang sapérangan „ndandosi panggesanganipoen pijambak-pijambak (tiap-tiap goeroe haroes hidoep dengan sederhana). Sadèrèk-sadèrèk rak ngertos ta watesipoen hidoep sederhana! Wonten ing poendi watesipoen? Wonten ing „pamedal," rak inggih ta?

Bangsa Intellectueelen Indonesia, sami tjantjoet tali wanda, nandangi (ndandosi) bab economienipoen bangsa Indonesia. Mangga sadèrèk, langkoeng-langkoeng sadèrèk goeroe (awit goeroe poenika pemimpining tjalon tijang) sami ngajati ndandosi economie kita ingkang sampoen bibrah. Sadèrèk! sampoen kesoepèn, ndandosi economienipoen pijambak kedah karoemijinaken. Oekoeran-oekoeran, sampoen ngantos kantoen.

Sampoen samanten kémawon roemijin; ingkang badé njambet soemangga.

Wasana koela matoer noewoen dateng sadèrèk Sasra lan S. H. S.

Njoewoen sagoenging samodra pangaksama.

Raga semangsang.

L A R A S A T I.

GESANG RERAJATAN LAN DJAGAD SOCIAL.

Wewenang lan wadjibing tijang djaler dateng tijang èstri lan kosok-wangsoel.

Toedjoening manoengsa poenika ngloehoeraken Goesti Allah toewin kabegdjan langgeng. Mila angger tijang krana dawoeh Dalem Goesti Allah kedah mitoeloengi sesami ing prakawis poenika; langkoeng-langkoeng tijang djaler èstri, ingkang sampoen katoenggilaken dados satoenggal, sampoen samestinipoen kedah toeloeng-tinoeloeng; kalih-kalihipoen kedah saéka kapti, ngoedi sagedipoen gesang oetami lan soetji. Sampoen kendat-kendat woelang-winoelang, serep-sinerepan, sampoen kendat njoekani toelada saé; poenapa malih sembahjangipoen saben dinten dipoen-ganter. Wonten bijoeng oetami njoekani woelang dateng anakipoen èstri ingkang angsal tijang ingkang ragi ndonjani makaten: „nggèr, kerepa ngomongaké Goesti Allah marang bodjomoe, ananging kerepa matoer Goesti Allah bab bodjomoe." Tegesipoen? Para maos sampoen njandak; tijang kalih kedah djagi-djinagi, sembahjang-sinembahjangan, soepados tansah raket pasoewitanipoen, sampoen ngantos benggang saramboet kémawon.

Gesangipoen tijang Katoelik wiwitan inggih makaten poenika. Wonten ing poendi-poendi tansah atoet roentoet; sembahjang sareng, sijam toewin mati raga inggih sareng. Wonten poenapa-poenapa dipoensanggi tijang kalih; pait getiring ngagesang pinikoel tijang kalih; manis sakétjaning ngagesang inggih dipoenraosaken tijang kalih.

Wewenangipoen tijang djaler menggahing tijang èstri, boten kéngingkaetjakaken sakadjeng-kadjeng; panganggepipoen tijang djaler dateng tijang èstri boten kénging kados dateng réntjang toembasan oetawi réntjang limrah, nanging kedah kados dateng badanipoen pijambak, sebab tijang èstri poenika sisihanipoen tijang djaler (levensgezellin).

Tijang djaler poenika dados pandjagi toewin pangajoman, mila wadjib njoekani sandang teda satjekapipoen. Dados manawi wonten tijang djaler ingkang boten merdoeli dateng anak sémah, ngawoet-awoet banda kanggé pados kasenenganipoen pijambak, ngetjèh-etjèh arta kadamel rojal, poenika manoet Rasoel agoeng Santo Paoloes, tijang ingkang njélaki pangandelipoen, sampoen nglangkoengi para ingkang boten gadah pangandel.

Déné menggahing tijang èstri, kados atoer koela nginggil, wadjib mbangoen mitoeroet ingkang djaler ing samoekawis, ingkang boten awon toewin ingkang kepanggih ing nalar. Santo Paoloes ngandika: „wong wadon, dipada mbangoen mitoetoet marang bodjomoe, dikaja marang Goesti pribadi." Tijang èstri sadjati boten dadak ngentosi abanipoen ingkang djaler; ananging sampoen ngertos pijambak krentenging manahipoen ingkang djaler toewin najogjani (ngroemijini) pikadjenganipoen. Manawi tijang djaler margi tegoeh, seserepan toewin kodratipoen dados pangageng sarta pangajomaning brajat, tijang èstti margi kawatakanipoen toewin kasagedanipoen (gaven) tinoeding dados bijoeng, toekang pandidik laré, pinidji mitoeloengi ingkang djaler lan njepeng barang isèn-isèning grija.

Tijang èstri poenika margi aloesing sarandoening angganipoen, margi saking remen tetoeloeng dateng sesami, gadah watak welasan, takad ing salebeting wonten sambékala, ladjeng nama prajogi jèn ladjeng toemoet ngèntèngaken, manawi wonten pait getiring ngagesang. Tijang èstri ingkang kadjibah ngenglipoer ingkang djaler manawi pinoedjoe soesah; tijang èstri ingkang kedah ngengageng manahipoen ingkang djaler, samangsa ketoewoehan manah nrimah mopo, sampoen boten gadah pangadjeng-adjeng; tijang èstri ingkang gadah bagéan ngoepakara ingkang djaler, jèn pinoedjoe sakit.

Kalimrahanipoen tijang djaler njamboet damel ing sadjawining grija; déné tijang èstri lerep ing salebeting grija; ing ngrikoe ngoerbanaken kekijatanipoen sadaja kanggé anak-sémah. Watak resikan, raos dateng adi pèni, langkoeng-langkoeng winantoe katresnan lan oelat manis asoemèh, poenika rerengganipoen tijang èstri, inggih dados rerengganipoen grija; poenika ingkang badé ngresepaken ingkang ningali, adamel gambiraning leloerahing brajat.

Mila saking pangadjeng-adjeng koela, sageda sadèrèk kita wanita priksa agenging koewadjibanipoen toewin adjining sesanggènipoen. Kita wanita ingkang badé saged adamel warasing gesang sesarengan; kita ingkang saged andjampèni sesakit ing djaman sapoenika sarana nindakaken koewadjiban kita kanti ngatos-atos lan nastiti. Soemangga sadèrèk kita wanita, poenika dipoen-galih.

A.

KEKIRANGAN TEDA ING MANGGARAI.

(FLORÈS KILÈN).

Pandjenenganipoen Pastoer R. Wolfs, wonten De Koerier 14 December, ngandaraken bab kekirangan teda ing Manggarai, soeraosipoen makaten.

Ing bawah Manggarai, sampoen dangoe kambah ama tikoes, andjalari kiranging teda ing koekoeban ngrikoe. Saking poendi asaling tikoes² waoe, pandjenenganipoen P. Wolfs boten mangertos, nanging kinten-kinten kémawon kabekta saking kasèbipoen datenging djawah ing taoen kapengker, andjalari tikoes-tikoes énggal sanget bebranahan; wasana sareng ing wana sampoen katelasan teda, ladjeng sami ambjoek dateng pategilan.

Manawi tetijang ing Manggarai pijambak, anggènipoen njebabaken warni kalih. Sepisan margi dajaning djawah awoe kala 5 Augustus 1928, njarengi pandjebloegipoen redi latoe ing poelo Paloeèh. Kaping kalih, margi oelam lodan. Oelam lodan (ikan paoes) poenika waoe manawi daloe sami minggir dateng pasisir angababi poelo ngrikoe ladjeng ndjalari wontening tikoes pinten-pinten.

Tjekak, badéja kados-poendi-kados-poendi sababipoen, ing ngrikoe naté kaambah badjag tikoes, malah sapoenika manoet tjarijosipoen tetijang inggih taksih wonten pinten-pinten.

Ichtijar ngitjalaken tikoes waoe dèrèng wonten ingkang sampoerna, tjespleng! Saking Nagari inggih dèrèng pikantoek djampi. Tetijang ngrikoe sami migoenakaken pasangan, nanging dèrèng saé, toer boten njekapi kanggé ngitjalaken tikoes maatoes-atoes poenika. Sawenèh wonten ingkang anggènipoen njirnakaken sarana segawon, nanging kadospoendi tijang segawon-segawon ing ngrikoe boten patos katah.

***

Sampoen wiwit kala woelan Mei, tetijang sami kekirangan teda bakoe: djagoeng toewin pantoen. Malah ing Roeis, Tjongkar, Bibing lan Rembong babar pisan sampoen boten wonten djagoeng oetawi pantoen. Tetijang ladjeng sami dateng wana, andoedoek „raoet" (manawi tjara Djawi bokmanawi kémawon: gadoeng). Kasangsaran waoe wonten woelan Juli, Augustus, September saja ngambra-ambra. Pakampoengan sami soewoeng, tetijangipoen djaler èstri, anèm, sepoeh sami dateng wana ngoepados bonggoling wit-witan toewin woh-wohan, nanging kénging kawastanan boten pikantoek poenapa². Margi, wana waoe sampoen dangoe anggènipoen boten ngedalaken kasil inggih kabekta saking éwon tjatjahing tijang ingkang ngoepados teda mrikoe. Margi makaten waoe, tetijang sami klambrangan wonten satengahing wana. Anggènipoen ladjeng sami klambrangan wonten satengahing wana, weteng loewé, ngombé toja reged, andjalari salebetipoen woelan Djoeli, Agoestoes, September, atoesan tjatjahipoen tijang ingkang pedjah wonten wana, wonten satengahing margi, toer pedjahipoen ndadak sakit dysenterie, lss.

Tjatjahing pepedjah katah sanget, langkoeng-langkoeng laré-laré alit lan laré sesepan. Wiwit woelan Aug. doemoegi sapriki, pandjenenganipoen P. Wolfs ambaptis laré 500, poenika ingkang pedjah sampoen wonten 50. Malah salebetipoen Sept. lan Oct. katah tijang tiwas déning longontsteking.

Tetijang ingkang saras sami ngili dateng papan sanès, ambektani barang-barang lan radja-kajanipoen, kasadé kalajan mirah-mirahan waton kénging kanggé toembas sekoel oetawi djagoeng; botenipoen makaten kalintokaken tetedan.— Nagari, kala woelan Oct. sampoen wiwit amenggalih.

Margi katahing pepedjah, pategilan sami ngentak-entak, bera boten kataneman. Kadjawi poenika inggih margi sami boten gadah bibit toer adat ing ngrikoe amaleri samangsa wonten tijang pedjah boten kénging njamboet damel ing salebetipoen 4 — 5 dinten.

***

Sawenèhing sakolahan-sakolahan kagoenganipoen P. Wolfs sami telas moeridipoen, inggih margi dajaning kekirangan teda waoe.

***

Sasampoenipoen ngandikakaken bilih moerid-moerid ingkang sapoenika taksih wonten, lan tetijangipoen P. Wolfs, sami keloewèn, pandjenenganipoen ladjeng moendoet kadarmanipoen para Katholiek.

Sinten ingkang kapareng paring pitoeloengan soepados ngintoenaken pitoeloenganipoen waoe loemantar redactie De Koerier ing Bandoeng, mawi katrangan: „voor pater Wolf's noodlijdenden."

***

Kadang Katholiek Djawi! Kadang pandjenengan toenggil Panoetan ing Manggarai sami kaloewèn. Mangga sami dipoenpitoeloengi! Pakempalan K. W. ing papan pandjenengan koela tanggel mesti inggih poeroen dados lantaran, nglantaraken dateng De Koerier, oetawi teroesan dateng pandjenenganipoen P. WOLFS S.V.D. Missionaris Manggarai, Reo, Roeteng FLORES. Malah K.W. lan P. P. K. D. sampoen toemandang!

Tooneel-club, poenika lo wonten damel!

WADJIBING IBOE.

Saé awoning wewatekanipoen poetra, ingkang ing tembé badé dados tijang ingkang badé dados isèn-isèning pradja, sanjata bilih dados sesanggèning wanita. Saja-saja ing djaman sapoenika, para prija prasasat boten naté wonten ing grija, sadinten moepoet késah ngoepaja sandang boga, mèh boten kober babar pisan ngrembag poetra.

Toedjoenipoen ing sapoenika



ATOER OENINGA.

— Gandèng kalijan liboeran December toemrap kantja Drukkerij, Swara Tm. ingkang pantjènipoen medal béndjing Djemoewah, kawedalaken ing dinten poenika.

REDACTIE
lan
ADMINISTRATIE.



sampoen kelebet njekapi, pamoelangan-pamoelangan ingkang kanggé para poetri, soepados ing tembé woeri, para wanita sageda ndjagi ing anak rabi. Saja katah para wanita ingkang bablas sinaoenipoen, katah pangertosipoes, djembar seserepanipoen, ageng katékadanipoen. Nanging sapinten tjatjahipoen para wanita ingkang saged dangoe ngraosaken ngasta pedamelan ingkang temtoe inggih ladjeng gesang sesarengan kalijan para kakoeng, inggih poenika dados garwa, ingkang ing ladjengipoen oegi badé dados iboe.

Poenapa ta koewadjibanipoen para iboe?

1. ngGoela-wentah, ndedasari wewatekan, ndjagi bagas kasarasaning soekma lan raganipoen para poetra.
2. Ngrembag dahar saha agem-agemaning kakoengipoen saha poetranipoen.
3. Nata lan ndjagi, ngrimati isèn-isèning dalem, amrih sampoen gampil risak lan itjal.

Koewadjiban ingkang samanten katah saha ageng-agengipoen, boten kénging ginagampil, sinambi-sambi tindakipoen.

Sapoenika para wanita kok badé toemoet-toemoet ngrembag bab Politiek. Poenapa politiek poenika kénging kasambi-sambi kalijan momong, masak-masak, nata-nata sesekaran, meubel, njerat (mbatik) lan sapanoenggilanipoen, pedamelanipoen para iboe wonten ing dalem? Poenapa ing salebetipoen momong poenika sinambi ngasta (maos) serat-serat kabar ingkang ngemot pergerakan politiek, jèn betak kalijan njanding boekoe-boekoe wetboek, mangké gèk sangit, jèn pinoedjoe ngasta njerat (mbatik) oetawi ngrénda oetawi soelam-soelam, sinambi ngendikan bab badé perangipoen Amerika lan Djepang?

Temtoenipoen inggih ladjeng ngingah abdi kalih poenapa tiga, setoenggal kapilih ngratengi daharan (koki), setoenggal ndjagi (momong poetra), satoenggal lados lan kapasrahan salebeting dalem.

Inggih ingkang saged. Poenapa bilih badé wonten pakempalan Politiek Perempoean poenika ingkang dados ledenipoen namoeng para ingkang saged ngingah réntjang (para kaja-kaja). La, iboené si gendoek ki engko prijé?

Andjawi poenika bab oewet-rentenging dalem, saha panggoelawentahing poetra boten kénging kapasrahaken babar pisan dateng abdi. Poenapa pandjenengan dèrèng naté midanget tijang raosan: „Poetrané dèn Anoe kaé kok kemproh temen, nggragas, nakal, ora ana èmper-èmperé babar pisan karo rama-iboené. Toer rama-iboené kaé rak weton sekolahan ta."

Mila koela atoeri ngawat-awati kémawon saking ing wingking (njampedi ing dalem). Dados kados tandanging wanita ingkang katilar perang ing raka, ndjagi dahar lan sedija mimis, lan damel bantoe (inggih poenika nggoela-wentah poetra).

F. J. ABOE.

ONDERWIJS

DJAGAD GOEROE.

Sadèrèngipoen koela ngedalaken wawasan ébahing djagad goeroe, koela sanget matoer *sèwoe noewoen* dateng saoedara H. Mèmper, ingkang sampoen karsa mboemboni (djantoni) goebahan koela: „*Volksschool—Vervolgschool*" ing Swara Tama no. 36, ingkang kawrat ing Sw.Tm. no. 40. Eerste blad 4de en 5de kolom. Margi saking boemboenipoen H. H. Mèmper, goebahan koela ingkang soewaoenipoen tjemplang, ladjeng dados: „nikmat, legi goerih awangi" sanget miraos.

Kala samanten pangrembag koela pantjèn kirang toemoendjem, margi namoeng koela anggé ngojak titeling karangan. Sareng kadjantonan saoedara H. Mèmper, kok inggih ladjeng gandem. Boten langkoeng: proficiat.

Sapoenika ngrembag djedjering rembag *djagad goeroe:*

Wonten wartos bilih ing Batang, sapoenika wonten cursus G.D. kanggé ngoedi (nempoeh) eindexamen N.S. Dados saminipoen Normaalleergang toemrapipoen G. D. Margi saking poenika G. D. saindenging Midden en Oost Java sami mèri. Sami njoewoen soepados ing sanès panggènan oegi kawontenana cursus poenika waoe déning ingkang wadjib. É, èh, kabèh - kabèh ndjaloek pada karo N. S. ers! G. D. lan G. B. ers ndjaloek pada, Kw. S., H. K. S. ers ndjaloek djadjahané!!! Hara jèn N.S. ers boten dipoensoekani mergi, rak badé pèndèng, kedjepit wonten tengah. *Panjoewoen koela moegi lawangipoen N.S. ers i.p. Gijmnastiek lan Taalcursus énggal kawengakna!* (Mrt.)

Sadaja G.D. sampoen sami tampi circulaire ing salebetipoen woelan Oct. ingkang kapengker. Ing circulaire waoe katerangaken bilih wiwit béndjing 1 Januari 1930 eerste benoemingipoen G. D. f 20. Poenapa H. Mèmper sampoen priksa? Jèn dèrèng, moendoeta Soeara Goeroe Sekolahan Désa (S. G. S. D.) orgaanipoen G. D. ingkang medal ing woelan Oct.! Kantoen ngentosi sakedap. Indakanipoen G.D. badé saben 3 taoen sepisan, katahipoen f 1. Sareng sampoen 16 taoen, i. p. sareng blandja sampoen dados f 25 sawoelanipoen indakanipoen ladjeng f 2,50 Djangkepipoen f 40 sasampoenipoen 25 taoen.

Koela mireng rembagipoen G. D. sakiwa-tengen panggènan koela, angsal kanoegrahan kados makaten poenika meksa boten marem, awit jèn dipoenétang malah roegi, sami oegi kalijan G. B. kala sami tampi waledan poenika. Jèn dipoentingali sakeplasan pantjèn étja, ning nglebetipoen........! Pamaréntah pantjèn boten bodo, wasis, saged noeroeti panjoewoenipoen kawoela, ingkang katingalipoen mbingahaken!!!

P.G.K. (Pak: Goeroe Kasoeltanan) margi kataman soedaning blandja, ladjeng tjabang-tjabang P.G.K. riboet ngwontenaken vergadering perloe ngrembag njoewoen dipoensamèkaken G.D. ing Goepermènan. Manawi sadaja tjabang sampoen ngwontenaken vergadering sadaja, tjalon badé ngwontenaken Openbare vergadering lan badé ngoelemi Bestuur G.K., K.B., P.M.S., P.G.H.B. preloe dipoentedani pretimbangan. Prakawis poenika temtoe badé karembag béndjing wonten congres P. G. H. B. tanggal 16—19 Februari 1930.

Mangka koela mireng (kabar angin) G.D. ing tanah Goepermènan inggih njoewoen dipoensamèkaken P.G.K., djalaran P.G.K. volipoen sasampoenipoen 20 taoen. Tjobi dipoenentosi kadadosanipoen!!

Ing Kroja wonten comité kanggé N.C. ingkang dipoenpangarsani Hr. Sardja. Kados-poendi haloeanipoen panjerat boten pados terang. Hr. Sardja mentas dipoendatengi H.B. P.G.B. saking Djokja, kapoerih njandèkaken kadjengipoen ngwontenaken comité, meksa boten poeroen.

Sadèrèk goeroe Neutraalschool ing Djokja nembé kémawon ngawisi moeridipoen dados padvinder I.N.P.O. lan S.I.A.P. djalaran padvinderij kalih warni poenika dipoenwastani soelapan saking pakempalan P.N.I. lan P. S. I. Mangka pakempalan P. N. I. sapoenika dados awisaning negari. Moerid Neutraal kapoerih mlebet padvinder ikgkang katoentoen ing Hr. Ranef kémawon.

Margi saking poenika Neutraalschool ing Djokja ladjeng angsal critiekan radi katah saking sanès golongan. *Djaré Neutraal, djeboel ja doeroeng Neutraal tenan!*

A.M.S. Directeur A.M.S. ing Djokja ndidik moeridipoen soepados: „anti oorlog." Pandjenenganipoen nerang-nerangaken bedamèn ingkang dipoentèken Verdrag van Versailles, sarta prakawis Volkenbond. Moerid A. M. S. ing klas nginggil pijambak ingkang montjèr sanget kesagedanipoen ing atasing poenika waoe, ladjeng dipoen-gandjar boekoe.

Wanita Indonesia: Mej. Moedinem tampi gandjaran boekoe: „*Le marchand de Bagdad*" saking pradja Fransch, lan boekoe: „*Die Frauen jenteits der Onzeane*" saking pradja Duitschland.

Jongeheer Soetikna tampi boekoe: *Grundlagen der deutsche Teologie."* lan „*Hinter Pflug und schrauberastack.*" (Poenika jèn boten klèntoe panjerat koela lo!! Mrt.)

Moeda Indonesia kekalih waoe tanda jèn montjèr kasagedanipoen.

Panjoewoen koela moegi-moegi missie onderwijzers sampoen ngantos kantoen, anggènipoen njebar widji „anti oorlog" kalijan golongan sanès.

Directeur M.U.L.O. Zending ing Solo oegi mentas kedjawahan critiek, langkoeng-langkoeng critiek sakihg B. O., djalaran directeur waoe mentas ngedalaken moerid ingkang namoeng sebab nganggé koeploek Indonesia. Nalika laré waoe nganggé koeploek, sareng kasoemerepan teroes kawedalaken sanalika. Poenapa boten prajogi dipoenélikaken (dipoenawisi) roemijin?

Sadèrèk Tionghoa kagebag ratjak nengenaken sanget dateng prakawis dedagangan, njingkoer dateng onderwijs. Kanggé paseksèn, T. H. Keng Kie Hwee ing Betawi noelak cursus Engelsch Hollandsch, Boekhouden, mawi basa Mlajoe ingkang sampoen dipoenwontenaken. Pantjèn namoeng sakedik bangsa Tionghoa ingkang remen dados goeroe, katanda goeroe-goeroe ing H. C. S. sapérangan ageng kita Indonesiër.

P.G.P.K. ing Solo kados-poendi? Déné tanpa wonten kabaripoen?

Pagersari 10 Dec. 1929.

S. D. MARTAJA.

K A G O E N A N.


PASEMON-PASEMON ING SALEBETING PADALANGAN.

Petikan sesorahipoen sadèrèk Hardjawardaja.
(Sambetipoen Sw. T. No. 45).

IV. Ing salebetipoen djedjer I, bibar pasowan djawi ladjeng kadatonan, poenika mralambangi bilih manoengsa kinarsakaken babranahan.

V. Ing salebetipoen djedjer III: gara-gara. Kalanipoen Semar medal, dipoensoeloeki Djingking, oengel-oengelanipoen makaten: „....Titi toenda gagating ngarang, trisoenti poernama djati, kapat mangka kalima tjandala; mangka tjandala, é . . ana, leng-lenging djagad sanjata; pat-oepaté oela lanang, é.... ana, pat-oepaté oela lanang, pangiridé kebo doengkoel, sasisih sapi goemarang. — Triwat gatra toenda, jèn pitika koelawoe benda; pat-oepaté oela lanang, nang, doeng, nang, tak, doeng, dang, doeng, gong.

Pamedar sabda boten saged narboekani sadaja oengel wartosipoen oengel-oengelan ing nginggil, nanging ngandikakaken bilih soeraosipoen kénging ginarba makaten „...Manoengsa koewi jèn kebowa kebo doengkoel, jèn pitika ija pitik koelawoe benda, éwadéné sisihané sapi goemarang titihané Hyang Batara Goeroe." Dados ateges: manoengsa koewi titah loehoer.



VI. Salebetipoen djedjer IV medal satrija. Manawi mlampah, Semar wonten ngadjeg, poenika ateges Semar dados djoeroe atedah margi. Satrija perang kalijan danawa *gangsal:* mrasemoni perangipoen manoegsa kalijan nafsoening pantjadrija gangsal. Manawi dawah, satrija dawahipoen mengkoerep, poenika ateges ngroengkebi kaantepanipoen.

VII. Ing salebetipoen djedjer VI, gendingipoen manjoera (merak) ateges sampoen merak dateng kelanggengan. Ing ngrikoe tijang kedah angèngeti lelampahanipoen manoengsa wonten ing ngalam donja poenika taksih tjangkriman, tijang boten saged ambatang manawi dèrèng moeroed dateng kalanggengan.

VIII. Bakda djedjer VI ladjeng djedjer VII, gendingipoen Rina-rina njandra Batara Soerja angantawisi manawi sampoen mèh rinten, wasana tandjeb kajon, poenika kasoeraos: sawoesé pinadangan Batara Soerja kakarepané manoengsa bandjoer sinèlèhaké, tinantjebaké.

Bakda poenika ladjeng kasambetan wedaling golèk, poenika tegesipoen: „Golèkana oeniné ki dalang." — kadjengipoen: „lalakon sing kodeleng iki maoe ngemoe piwoelang apa."

Doemoegi semanten anggèn koela mèngeti sosorahipoen sadèrèk Hardjawardaja ingkang preloe-preloe. Pèngetan poenika boten koela oeroetaken kados tatanan oeroetoeroetaning sosorah.

A. S. D.

ELÈKING WARSA ÉNGGAL.

W a r s a é n g g a l, g a g r a g é n g g a l? Poenapa poenika namoeng badé kèndel ing pitakénan, poenapa badé kaleksanan saèstoe, koela boten saged oetawi dèrèng saged ngatoeraken. Ananging menggahing Sw. T. mitoeroet rembag-rembag oetawi oesoel-oesoel, ingkang sampoen kamot ing Sw. T. minggoe ingkang sampoen kapengker, sadjak teka badé boten namoeng woedjoed pitakénan kémawon. Oepami oesoelipoen K.W. ing Blitar; orèhanipoen Sad. Ordeeka toewin nembé mangké karanganipoen sad. Soe-Tédja, poenapa malih ngèngeti ombjaking djawi makaten oegi. Oepami koela namoeng mligi maos oesoelipoen K. W. ing Blitar tok, manah teroes mantep: ija prajoga digawé dagblad. Ananging sareng maos goebahanipoen prijantoen kekalih kaseboet ing nginggil, ladjeng mbak plenggong, lo, kok ija ora gampang arep ngedegaké dagblad ikoe; boetoehé kok akèh timen. Woesana ladjeng namoeng tengoek-tengoek, pikiran mrika-mrika, nggagas-nggagas ngantos pandjang, doemoegi ing ngendon kepanggih: inggih roedjoek inggih boten roedjoek, liripoen: boten saged moetoesi pijambak, kepeksa nrimah. Wontenipoen ladjeng namoeng njoemanggakaken dateng ingkang wadjib ngrembag bab poenika. Lah, ingkang wadjib bab poenika sinten? Wangsoelan koela: lah inggih ingkang kagoengan. Lah, sinten ingkang kagoengan? Lo, la inggih.... Sinten boten ngertos bab poenika? Mila ing parepatan taoenan ingkang badé kawontenaken poenika temtoenipoen wah badé wonten rembag katah sanget. Koela memoedji sanget sagedipoen toemindak saé lan amoetoesi oesoel-oesoel lan pitakénan sadaja, langkoeng-langkoeng prakawis serat kabar kita Sw. Tm.

Ingkang wadjib temtoenipoen kedah mireng saking kiwa-tengen kados-poendi rembag poenika manawi kaoemoemaken; sebab-sebab ingkang katjoengoelaken déning sadèrèk Soe-Tédja temtoenipoen boten kénging katilar, kedah kagalih saèstoe, kedjawi satoenggal; inggih poenika, jèn Sw. Tm. kedah gadah drukkerij pijambak, samangsa badé kadamel dagblad. Sebab saking pamawas koela, manawi kaleksanan poenapa ingkang dados pangadjeng-adjengipoen sad. Ordeeka: Sw. Tm. sampoen akendit ringgit, inggih saged madeg, sanadjan dèrèng gadah drukkerij pijambak, kados déné serat kabar padintenan sanès, ingkang kaetjapaken ing pangetjapan dédé gadahanipoen pijambak. Déné oepami idam-idaman makaten poenika kaleksanan saèstoe, lah inggih djempol; namoeng sasaged-saged inggih dipoenarah saking sakedik, oeger madjeng kémawon, boten moendoer lan boten kèndel tengoek-tengoek kados koela nalika nggagas-nggagas rembag nginggil. Koela namoeng gadah boedi satoenggal, mangka sampoen koela oelaroelir teka boten saged mlampah (padang), mila inggih ladjeng nglokro sakedik. Déné manawi ingkang wadjib (kagoengan Sw.Tm.) rak katah ingkang djempol, dados saged mrantasi manawi wonten rembag poenapa-poenapa. Rak inggih makaten ta rama Redacteur? *)

Soemangga sadèrèk sami toemoet oeroen-oeroen moedjoedi oekara nginggil: warsa énggal, gagrag énggal menggahing Sw. Tm. serat kabar kita, Jejasan kita badé soeboer manawi katah ingkang tetoeloeng anggoela-wentah. Jejasan kita badé lestantoen manawi katah ingkang mendidik. Tjantjoet tali wanda ngoerbanaken baoe soekoe kanggé serat kabar kita Sw. Tm. Nanging ingkang temtoe saking panginten koela kok bab Administratie ingkang kedah langkoeng kasaèkaken, tegesipoen, kedah bèrès kados pangandikanipoen sad. Ordeeka: Sw.Tm. kedah akendit ringgit. Soemangga poenika dadosa panggalihan. Noewoen.

PARARTA.

*). Inggih. Kita satoedjoe kalijan para ingkang sedya ngelar [ngerepi wedalipoen] Sw.T, awit doemoegi sapoenika mila ragi roepak. Sw. Tm. minggoe wingking kapeksa boten saged ngemot kabar Katoelik. Poenapa malih redactie saben-saben Sw. Tm. badé medal tansah milihi ndjlimet, karangan poendi ingkang prajogi (karoemijinaken manoet ébahing djaman, soepados sampoen ngantos wajoe) kamot. Ananging Sw. Tm. prajogi (kedah) kerep medal oetawi botenipoen, lah poenika ingkang kagoengan wadjib ingkang badé ngrembag [moetoesi]. Red.—

SAKING PAKEMPALAN.

PANGROEKTI LAJA NGAJOGJAKARTA.

(Namoeng katjatet ingkang perloe-perloe).

Manoet jaarverslag, kala parepatan ddo. 15-12'29 (kadatengan warga sakiranglangkoeng satoes):

tjatjahing warga sapoenika wonten 130. Katahing arta melebet f 354,24, sasampoenipoen kanggé preloe warni-warni sapoenika angadahi arta: f 729,565.

P. L. pikantoek paringan Altar séla saking pandjenenganipoen Broeder Overste sampoen ladjeng kadèkèk wonten pasaréjan gadahanipoen P. L. ing Koentjèn, sapoenika sampoen wiwit kapasang.

K. W. NGAJOGJAKARTA.

(Parepatan tanggal 21 December, djam 6.30-8. 15 sonten, manggèn ing Mulo-klas.)

Ingkang rawoeh *boten nglegaken.* Sasampoenipoen kawewahan sawatawis, NOTULEN katetepaken absah. Pangarsa nenangi para warga soepados samija njoeboeraken jajasan K. W. Ngajogjakarta.

Agenda PAKABARAN, ingkang preloe: K. W. Ngajogja badé oeroen-oeroen kanggé adeging Altar ing sawenèhing Grédja ing Nederland.

OESOEL-OESOEL, dateng P. K. W., bab:

ROEKTI WOERI: a) Kasoewoen soepados P. K. W. soeka pangoewaos dateng R. W. ngawontenaken parepatan pijambak. *Sebab* warganing R. W. inggih wonten katah ingkang boten dados warganing K. W.

b. K. W. ingkang wonten agentipoen R. W. soepados anglebetna agent waoe dados oetoesan wonten konggrès P.K.W. ngadjeng poenika. Ingkang makaten waoe gandèng kalijan anggènipoen R. W. inggih dados rembag wonten konggrès P. K. W.

VAN LITH FONDS. Kasoewoen: manawi P.K.W. netepaken pedjahipoen Van Lith Fonds kanti officieel (ingkang ladjeng noeksma wonten Van Lith Stichting), soepados amanah Studiefonds gadahanipoen Van Lith Fonds.

SWARA TAMA. (Oesoel poenika leresipoen gandèng kalijan pakarjaning redactie); menawi saged pérangan Oerap-Sari dipoenkatahana malih. Kedjawi poenika, ngèngetaken soepados kabar-missie kalebetaken dateng *Tamtama* kémawon, djer poenika sampoen dados poetoesaning konggrès ingkang sampoen).

PANGREH P. K. W.: kaoesoelaken pindah dateng *Moentilan*, margi kamanah Ambarawa poenika tebih saking djagad pakempalan.

Déné ingkang kasawoengakaken dados *warga-pangrèh-padintenan:* R. J. Djaja-Atmadja.

KONGGRÈS: kasoewoen manggèn wonten *Soerakarta*; Lan, manawi konggrès P. K. W. poenika moegi kadamela semoea: mawi titingalan, oetawi sosorah-sosorah kanggé *oemoem*, dados boten njenjet kémawon kados ingkang sampoen-sampoen.

***

Agénda „Oesoel-oesoel dateng tjabang Ngajogja", parepatan netepaken:

a. Nindakaken poetoesan ingkang sampoen badé ngadani „pakempalan main tjatoer," sarana njereg prijantoen ingkang soewaoe sagah dados panoentoen ing schaakclub. *b.* Manah badé ngawontenaken darma-wisata (excursie) kinten-kinten béndjing April. *c.* Ngawontenaken Mis, samangsa wonten warga tilar donja. *d.* Manawi parepatan, badé manggèn ing dalemipoen warga ingkang karsa nampi. *e.* Kaangkah sasagedipoen kala-kala ngawontenaken klenéngan. *f.* Mahargja S. Joesoep Pangajomaning pakempalan *g.* Ichtijar ngoepadosaken dana kanggé titijang Katholiek ing Manggarai (Flores) ingkang sapoenika sami kasangsaran déning kikirangan teda.

Verslaggever A. S. D.

CORRESPONDENTIE.

Stan. moertie dipoensrantosaken sakedap.
Sad. S. minggoe ngadjeng.

OERAP-SARI

KABAR KATHOLIEK

Pakoendjaran ing Ierland kotong.

Kala 25 Sept., Times New York ngewrat seratipoen Dan Cullers O' Flaherty. Cullers O' Flaherty poenika tijang Protestant, pangandjoer Methodisten, poenapadéné tijang ingkang ngoedi sanget kamardikaning Agamaning nagari Ierland.

Seratipoen asoeraos makaten: „Kala 17 Sept, s.k. The Associated Press martosaken bilih pakoendjaran ing Ierland badé katoetoep, margi boten wonten tijang prantéjan. Prakawis poenika wonten babading manoengsa pantjèn anggoemoenaken. Manawi koela ngèngeti pakoendjaran² ing Dartmoor lan Mountjoy, Kilmainham toewin Kilkenny ingkang nalika djaman paprèntahan Inggris taksih isi tetijang koendjaran, mangka sapoenika ladjeng kanggé setatsijoen radio lss, poenika koela ladjeng jakin sanget dateng éwah-éwahan ingkang ngédab-édabi poenika ingkang toewoeh saking dajaning kamardikan. Lan, pangawon-awon ingkang toemandoek dateng Ierland malah andadosaken koentjaraning namanipoen. Salebetipoen 5 abad langkoeng, Inggris tansah ngawon-awon Ierland, mastani bilih bangsa Ier poenika tanpa pranatan, boten saged maréntah pijambak. Nanging sapoenika, ...Ierland namoeng gadah tijang prantéjan 700. Sasoemerep koela boten wonten nagari satoenggal kémawon ingkang njamèni Ierland bab prakawis poenika. Kadosdéné kita Richmond ingkang djiwanipoen 200.000, tijangipoen prantéjan langkoeng saking sapalih poenika, ka djawi ingkang manggèn wonten tuchthuis. Ing Virginia poenika tjatjahing tijang koendjaran tikel 15 oetawi 20-nipoen tijang koendjaran ing Ierland.

Wontening pawartos makaten poenika toemrap bangsa Ier poenapadéné para mitranipoen Ierland, saèstoe ambingahaken, lan mongkogaken manah. Mangka djoemedoeling pawartos waoe anjarengi ing Dannemora, Leavenworth lan Colorado, pakoendjaranipoen sesak sanget, ngantos prantéjan 3000 kadadosaken satoenggal wonten kamar ingkang pantjènipoen namoeng kanggé tijang 80.

Poenapa sababipoen déné Ierland ngantos makaten?. Poenapa namoeng kamardikan tok? Lo, poenapa Amerikah Sarikat poenika dédé tanah mardika? Bédaning watakipoen bangsa ing Amérikah ingkang samanten katahipoen, doemoenoeng wonten papan langkoeng wijar, langkoeng katah godanipoen, poenika inggih saged toemoet andjalari bédaning Amérikah kalijan Ierland toemrap tijang prantéjan. Éwadéné, badéja makaten-makatena poenika, wonten sabab satoenggal ingkang boten kénging sinélakan, i.p. dajaning Agama Katholiek. Ing ngriki tétéla bédanipoen nagari ingkang Agama Katholiek roemasoek ing baloeng soengsoeming kawoela kalijan nagari ingkang kawoelanipoen sapalih kémawon boten wonten ingkang malebet ing salah toenggiling Agama Kristen.

KABAR OEMOEM
INDONESIJAH

Wangsoelan saking Paréntah.

Warga Raad Kawoela R. M. A. A. Koesoema Oetaja kala Agoestoes miterang dateng Nagari bab pawartos ingkang njarijosaken katah intellectueelen ingkang malebet koeli kontrak.

Prakawis poenika, nagari sampoen paring wangsoelan. Tjatjahing koeli ingkang njamboet damel wonten onderneming 325 panggénan (Soematrah Wétan kalijan Atjih) wonten 250.000 tijang.

Ing tanah Soematrah Wétan wonten koeli 174 ingkang naté dateng H. I. S., nanging tijang samanten waoe ingkang 115 boten tamat anggènipoen sinaoe. Déné sanèsipoen ingkang tjeta manawi tamat sekolahipoen namoeng 18. Tijang 18 poenika, ingkang ladjeng dateng Mulo 3, dateng H. B. S. 3, dateng K. S. satoenggal, ingkang ladjeng dados goeroe satoenggal.

Ing Goepermèn Atjih, koeli ingkang naté dateng H. I. S. wonten 17, ingkang tamat namoeng tiga, sanèsipoen boten tamat.

Koeli 250.000 waoe dadosipoen ingkang nama pengadjaran 181, nanging ingkang sekolah dateng H. B. S,, Mulo, K. S. boten wonten ingkang tamat satoenggal-toenggala.

Manggih barang kina.

Locomotief pikantoek pawartos saking Bandjarmasin, njarijosaken ing bawah Nagara wonten tijang pikantoek titikan pirantos baita djaman kina. Katjarijos, wonten tijang Arab soegih ladjeng njéwa papan waoe toewin neroesaken andoedoeki ngantos angsal tjagak baita, lan pirantos sanès-sanèsipoen, ingkang katah kadjeng djatos; arta Tjina wedalan kina pinten-pinten, gotji-gotji, toewin papasrèn-papasrèn Hindoe. Bokmanawi kémawon poenika baita Hindoe kala djaman roemijin ingkang kanggé lalajanan dagang kalijan bangsa Dajak.

Raad Kawoela.

Katjarijos béndjing tanggal 10 Djanoewari taoen ngadjeng poenika, Raad Kawoela wiwit parepatan malih.

Badé mirah bir?

Ing Medan (tjalon) dipoenedegi pabrik bir. Pabrik waoe anggadahi pawitan f 200.000 kabagé dados 200 aandeel, saben 1 aandeel regi f 1000. Sapoenika ingkang kapasokaken sampoen 50 aandeel. *(J. Court.)*

Waterleiding Pakalongan.

Gemeente Raad Pakalongan sapoenika ngroedjoeki wontening waterleiding ing kita ngrikoe.

Dongèngipoen tjoelik, toekang noegel goeloe.

Dèrèng dangoe *Pewarta Deli* njarijosaken bilih ing Kota Pinang soemebar wontening pawartos ingkang boten adamel tintriming manahipoen tetijang ing ngrikoe, i.p. bab tjoelik oetawi toekang noegel goeloe.

Manoet kapitadosanipoen, tjoelik poenika inggih tijang ingkang remenipoen noegeli goeloe kanggé sadjèn, lss.

Laré alit-alit, tijang-tijang sepoeh, sami adjrih saja manawi loemampah wantji daloe mesti boten wani.

Kabar tjoelik waoe ladjeng soemebar ngantos doemoegi onderneming Telok Pandji. Koeli-koeli ing onderneming ngrikoe sami nginting-inting poen tjoelik, samangsa kepanggih badé pinedjahan. Koeli-koeli waoe, mireng ing Benggali wonten oepas ngoempetaken tjoelik poenapadéné njimpeni patak-patak tijang. Koeli-koeli 180 ladjeng sami madosi grijanipoen oepas, sedyanipoen badé medjahi poen tjoelik. Sareng kepanggih, poen tjoelik katantang medal, nanging boten wonten medal. Ingkang wonten grija waoe namoeng oepas tok. Koeli-koeli sami gregeten,... ladjeng mlebet grija,..... namoeng pinanggih kalijan oepas boten kepanggih poen tjoelik. Oepas ladjeng dipoenbatjok, dipoentatoni,.... andadosaken lan tiwasipoen.

Koeli-koeli ingkang toemoet amedjahi oepas waoe dipoentjepeng.

Kapitadosan dateng tjoelik boten namoeng andadosaken tiwasing njawanipoen oepas satoenggal kaseboet nginggil. Taksih wonten malih! Bakda wonten lalampahan oepas pedjah poenika, ing onderneming Perlaboean inggih waradin wonten wartos bab tjoelik. Koeli-koeli ngrikoe sami adjrih, anak-anakipoen kareksa saèstoe,... awit pangandelipoen: tjoelik remen sanget noegel goeloenipoen laré-laré.

Ing wantji sonten sampoen repet-repet wonten tijang loemampah andoengkloek. Kala samanten wonten koeli medal saking grija, soemerep tijang waoe. Poen koeli ambekta pedang, pangintenipoen tijang loemampah poenika mesti tjoelik. Sareng tjaket, *tjoelik* ladjeng dipoentandangi andadosaken lan pedjahipoen.

Sampoen mesti kémawon koeli poenika waoe inggih ladjeng dipoentahan.

Bestuur ing Kota Pinang saweg amboedidaja sageda ngitjali kapitadosan tjoelik poenika.

Warga P. N. I.

Toewan Hartelust Goeprenoer Djawi Kilèn kawartosaken, moendoet katrangan tjatjahipoen warga P. N. I. ing tanah Pasoendan, angsal katrangan tjatjahing warga P. N. ing rikoe sampoen wonten 6668.

Njoewak goegoer goenoeng.

College Gedeputeerden ing provincie Djawi Wétan anggadahi pamanggih boten wonten pakèwedipoen angitjali karja nagari toemrap pandamelan irrigatie.

Wangsoelanipoen Paréntah dateng R. Dwidjaséwaja.

Kala 17 Oct. warga gedelegeerde Raad Kawoela R. Dwidjaséwaja ngatoeraken serat pitakénan dateng Paréntah soeraosipoen kados ing ngandap poenika:

Wonten wartos kala tigang woelan kapengker, Balé Poestaka betah poenggawa kanggé bagéjan serat kabar. Kala samanten ladjeng katah tijang Priboemi sami neda pandamelan redacteur. Sanadjan netepi poenapa ingkang dados pepanggilanipoen, éwadéné sami katampik.

Ladjeng wonten njonjah ingkang nglamar, boten mangertos basa Mlajoe ingkang leres, boten netepi pepanggil, éwadéné ladjeng binebahan ngringkes kabar-kabar saking serat kabar basa Mlajoe. Sarèhné gadah diploma Duitsch, njonjah waoe dipoentampèni kémawon kanti blandja f 160, mawi pradjandji béndjing jèn sampoen mangertos saèstoe basa Mlajoe, badé kainggahaken pangkatipoen dateng B. 13 ablandja apes f 250 sawoelan.

Lan wonten sawenèhing tijang siti nglamar nggadahi diploma A. M. S. Soerakarta, wonten ingkang katampèn namoeng kablandja f 110 sawoelan.

Gagajoetan kalijan nalar ing nginggil poenika, warga gedelegeerde kaseboet nginggil, njoewoen pirsa.

a. Poenapa paréntah nganggep bilih pandamelan Balé Poestaka bagéjan serat kabar oemoemipoen boten kénging kagarap tijang siti? lan poenapa karsanipoen Paréntah déné pandamelan ing ngrikoe namoeng kénging kagarap bangsa Éropah kémawon? 2. Manawi ingkang kaseboet ing no. 1 poenika boten, poenapa Paréntah karsa ngèngetaken pangageng B. P. béndjing samangsa wonten lowongan sampoen ngantos toemindak makaten malih, mindak nama ambédakaken bangsa ......

Prakawis ing nginggil kawangsoelan Paréntah ddo. 5 Dec. soeraosipoen makaten: Poenggawa kantor serat kabar kedah gadah diploma tamat H.B.S. 5 taoen, gadah kawroeh basa Mlajoe oetawi sanèsipoen. Balandjanipoen ambtenaar golongan poenika toemoet schaal B. 18 ing B.B.L. 1925 — 1928. Pangkat redacteur (schaal A 19) poenika kalestantoenaken toemrap tetijang ingkang sapoenika taksih njepeng pangkat waoe. Nanging toemrap poenggawa énggal kedah manoet pranatan énggal, pandamelanipoen ingkang bakoe ngarang basa Mlajoe. Mila kedah mangertos Mlajoe ingkang kalimrah wonten serat-serat kabar toewin saged maos lan njerat basa Walandi.

Prakawis lowongan ingkang dipoenpikadjengaken R. Dwidjaséwaja poenika kala samanten ingkang nglamar namoeng tijang Priboemi satoenggal, toer tijang waoe kirang njekapi. Déné njonjah waoe anggènipoen katampi sareng sampoen wonten panglamar bangsa Éropah tiga sami sandé, déning blandjanipoen boten andadosaken leganing manahipoen. Njonjah waoe tampi blandja f 160 poenika sampoen timbang kalijan diplomanipoen.

Kanggé tjoban-tjoban, ing B. P. afdeeling serat kabar wonten wedalan A. M. S. Soerakarta kalih, kablandja á f 100.

Dados ngèngeti ing nginggil poenika, toemrap pitakénan ing a. Paréntah paring wangsoelan „boten;" déné toemrap nomer kalih boten preloe dipoenparingi wangsoelan.

Pabrik gendis ing tanah Kedjawèn.

Manoet palapoeran Alg. Syndicaat van Suikerfabrieken in Nederlandsch-Indië, kanggé taoen 1928, ing tanah Kedjawèn wonten pabrikipoen teboe 33. Pabrik teboe samanten katahipoen poenika ingkang doemoenoeng wonten Ngajogyakarta 17, Soerakarta 16.

Ing salebetipoen taoen 1928 boten wonten pasoelajan toemrap bajar.

Tjatjahipoen kobongan, taoen 1928 langkoeng katah tinimbang taoen '27. Kala tn. '27 ing Soerakarta wonten teboe kobongan rambah kaping 18 nelasaken patebon 20 h. a.; ing Ngajogjakarta rambah kaping 15 nelasaken patebon 22 h. a. Wangsoel ing taoen '28, Soerakarta wonten teboe kobongan kaping 32, nelasaken: 59 h.a., Ngajogjakarta kaping 14 nelasaken 12 h. a.

Kapratélakaken kobongan waoe ingkang katah-katah margi tindak kirang ngatos-atos oetawi margi mawa locomotief ingkang langkoeng ing ngrikoe, dados boten sadaja saking pandamelipoen tijang awon.

Katerangaken oegi bilih pabrik waoe inggih ambatèni tetijang Priboemi margi anggènipoen toembas pirantos-pirantos damelanipoen tijang Djawi, mangka anggènipoen ngedalaken arta kanggé pirantos-pirantos poenika waoe boten nama sakedik (brondjong deling, doek, banon, lss.)

Tjatjah-tjatjah ing ngandap poenika dipoenanggé boekti, bilih arta pabrik inggih katah ingkang toemandja dateng tijang Djawi.

Kanggé taoen '28, pabrik ing Soerakarta ngedalaken arta kanggé toembas pirantos-pirantos: brond jongenz. waoe: f 279,042,30 ing Ngajogjakarta: f 607,139,74. Kanggé épahan (loonen) Soerakarta ngedalaken: f 743,584,76, Ngajogjakarta: f 8,897,682,66.

Tjatjah-tjatjah ing nginggil poenika ingkang teroesan ladjeng dateng tijang ngriki, ingkang ladjeng andjalari redja lan katah pandamelan. Limrahipoen ing panggénan ingkang wonten pabrikipoen gendis poenika langkoeng redja tinimbang ing panggénan ingkang boten wonten.

Kadjawi ing nginggil, verslag waoe amratélakaken bilih pabrik ngedalaken arta kanggé séwan siti (pachten) toemrap Soerakarta: f 1,277,832,36, Ngajogjakarta f 1,849,053,88.

Reginipoen gendis ing sapoenika langkoeng mirah tinimbang kala taoen '18, éwadéné pabrik teksih neroesaken jasa lan andadosi irrigatie, grija sakit, sadaja waoe kanggé preloenipoen tetijang ngriki, nanging prakawis poenika sok boten dipoenèngeti. Preloe kapratélakaken bilih wedaling arta kaseboet ing nginggil, toemrap Soerakarta leresipoen langkoeng katah, margi wonten pabrik gangsal ingkang boten ngintoenaken palapoeran.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

O, ... , TENTREM . . . . . . , TENTREM . . . . . . ! ! !

O

Pandjenengan mesti taksih kèngetan djaman 1914-1918!

Poenapa wohipoen perang ageng kala samanten?

Tijang ingkang pedjah wonten: 13 mlijoen (Tijang samanten poenika jèn kapoerih baris njakawan, sijang daloe loemampah, lan loemampahipoen limrah, saweg saged rampoeng salebetipoen sawoelan; manawi dipoenemot ing baita, kedah kasedijanan baita 13.000 . . .) Déné ingkang nandang tatoe: 16 mlijoen. Ingkang poetoeng tangan soekoe, oetawi iganipoen wonten 5.600.000. tijang. (Djiwa samanten poenika jèn kapoerih djèdjèr moloemoloe, pandjangipoen wonten saking Anjer Kidoel doemoegi Banjoewangi; manawi kapoerih baris njekawan-njekawan, rampoengipoen kirang langkoeng satengah woelan). Kadjawi poenika, perang ageng waoe angrisakaken barang darbé pangaos: 200 mlijoen roepijah.

O, saèstoe anggigirisi!

* *
*

Penganggep boten saé toemrap perang, poenika djaman sadèrèngipoen Sang Kristoes mijos sampoen wonten. Poedjangga Horatius (65-8 sadèrèngipoen Sang Kristoes), sampoen saged tjrijos: „Bella matribus detestata" - „paprangan koewi disengiti para bijoeng."

Nanging panganggep waoe saja ngaléla tjeta, sareng bangsa Éropah sampoen ngalami kasangsaran déning dajaning perang 1914-1918.

Bakda perang donja, tetijang ladjeng ngelak dateng katentreman.

Para maos! Pandjenegan mesti inggih kèngetan Volkenbond wedalan Wilson! Pandjenengan inggih kèngetan oegi, kala tanggal 27 Agoestoes 1928 para wawakiling pradja pinten-pinten sami nanda tangani pradjandjian „Anti Oorlog" wonten ing Paris. Anggènipoen sami ngadani „Kellogg Pact" waoe, manoet oengel-oengelan ing pradjandjian, margi: „sami mangertos terang soetjining kawadjibanipoen ngadjengaken karahardjaning manoengsa. (Diep doordrongen van hun heiligen plicht, het welzijn der menschheid te bevorderen).

Nanging sinten ingkang poeroen matitisaken galoetitipoen Amérikah kalijan Inggris anggènipoen kados sigèdèg karo siantoek, bokmanawi boten wani netepaken bilih „Kellog Pact" waoe lahir batos saèstoe. Saja manawi tijang ngraosaken burgeroorlog ing nagari Tiongkok, ngraosaken lelajananipoen Roeslan kalijon Tiongkok, koela kinten malah ladjeng netepaken bilih bedamèn ing Paris waoe loegoe namoeng lelamisan kémawon.

Wonten ing De Koerier no. 199, 27 Nov., pandjenengan saged pirsa litnan barisan samodra toewan L. Doorman angoesoelaken njantosani barisan samodra lan daratan. Preloenipoen poenapa? Namoeng kanggé andjagèni soepados samangsa-mangsa wonten perang, Nederland saged angoekoehi anggènipoen neutraal. Dados ing ngriki tétéla Nederland (litnan Doorman) ngandoet koewatos bok bilih tembé wingking wonten perang malih.

Nalika Amérikah noetoeri Roeslan kalijan Tiongkok soepados sami roekoen, republiek Roeslan semoe boten narimahaken! Mangka anggènipoen Amérikah ènget-ènget waoe awawaton déné Roeslan inggih toemoet nanda tangani Bedamèn Kellog.

* *
*

Nalar-nalar ing nginggil poenika manawi karaosaken mesti noewoehaken manah sangga roenggi, boten ngandel kalijan Anti Oorlog waoe. Tetijang ladjeng moengel kados sang Victor Hugo:

„Tout le monde pue, pue, pue, . . ."

„De heele wereld stinkt, stinkt, stinkt, ..."

„Sadjagad angganda batjin, batjin, batjin, ..."

* *
*

Nanging poenapa atoer koela ing nginggil, anggadahi teges: katentreman ikoe ora kena ginajoeh??

O, babar pisan boten!

Prof. mr. J. van Kan, kala medar sabda bab „Het Vredesprobleem als Rechtsprobleem" wonten Betawi tanggal 8 Djoeli '29, ngandikakaken ingkang soeraosipoen makaten: „Koela jakin sanget, tetijang mesti badé nglampahi, oeger dipoenmangertosaken saèstoe dateng rembag katentreman, dipoenserep-serepaken bilih katentremaning djagad makaten dédé impèn; saged kelampah saèstoe! Dados kedah dipoensoemerepaken: tentrem koewi bisa kelakon, lan inggih kedah kamangertosaken: keprijé bisané kelakon . . . ."

Prof. van Kan oegi ngandikakaken sambékalanipoen panggajoeh dateng katentreman ingkang saprika-sapriki tansah wonten kémawon, i.p. anggènipoen bangsa² amboedjeng kamoeljanipoen pijambak, inggih nationale zucht oetawi sacro egoismo.

* *
*

Katentreman pantjèn kénging ginajoeh! Sinten ingkang soemedya loemebet wonten Pirdoesing Katentreman kedah boten nilar Wet Katresnan: „Sira nresnanana Goesti Pangéranira kanti goemolonging ati, soekma, boedi lan kekoewatanira. Lan, sira nresnanana papadanira dikaja karo awakira déwé." (Marcus 12: 30—31).

Manawi sadaja bangsa saged netepi pepatjoeh poenika, Katentreman badé soemrambah anartani saloemahing djagad.

* *
*

Kadang Katholiek! Atoer koela ing nginggil koela tanggoehaken pandjenengan bakda ngloehoeraken dinten pangènget-ènget Mijos Dalem Ratoening Katentreman, lan ngadjengaken taoen énggal!

Moegi barkah pangèstoe Dalem ingkang pandjenengan soewoen salebetipoen ngloehoeraken Ratoening Katentreman waoe, amajoengi lampah pandjenengan wonten taoen ngadjeng anandangi poenapa kémawon ingkang mikantoeki toemrap Allah lan siti-kelahiran.

Moegi anggèn pandjenengan sami ngloehoeraken Ratoening Katentreman, saged ndajani temtreming bawana!

„Tentrem, ... tentrem . . . . . ."— makaten ingkang kedah dados sasanti kita. Djer katentreman makaten dados karsa Dalem Pangéran rikala nitahaken boemi langit saisinipoen!

Wasana ing dinten 25 December, koela ngatoeraken „bekti, taklim, toewin pamoedji" dateng pandjenengan sadaja.

Kumuningsaselé 23 Dec.

Taklim: PATJAR MÉRAH.

MANTJA NAGARI.

AFRIKA. Gégéran ing Nigeria.

Tilgram Aneta saking London dd. 18 lan 19 December anjarijosaken ing kita Opobo lan Aba bawah Nigeria, wonten gégéran.

Ingkang dados sababipoen margi tetijang Priboemi ngriki sami kalintoe panampi babagan paos pamedal. Tetijang sami nginten bilih tijang èstri sadaja sami kénging paos, sarta badé boten poeroen ambajar. Ingkang makaten waoe andjalari tetijang ngrikoe kala 11 Dec. sami arak-arakan. Tetijang èstri éwon sami toemoet arak-arakan waoe. Mangka poelisi inggih sampoen nerangaken bilih tetijang èstri boten kakéngingaken,paos.

Arak-arakan kaseboet nginggil ladjeng angrerisak poenapa-poenapa langkoeng-langkoeng ing sakiwa-tengenipoen Opobo kalijan Aba.

Sampoen mesti kémawon poelisi sabijantoe kalijan militèr ladjeng djagi-djagi. Ing tanggal 18 Dec. para ingkang damel resah waoe nglawan prijantoen Nagari, lan tandangipoen saja santer ngantos wani badé ngreboet sendjatanipoen pradjoerit. Temahan, militèr kapeksa ngoengelaken sendjatanipoen, andjalari wontening radja tatoe pinten-pinten lan pedjahipoen tijang kalih dasa (ingkang sapérangan ageng tijang èstri).

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan 8)	7.30.	Soerabaja:	
Amboina	7.30.	Lawang 5)	7.	Pemalang 3)	7.30.	Kepandjèn	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7.30 - 9.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara - Tara	7.30.
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal 2)	7.30 - 9.30.
Djokja:		Medari 6)	7.30.	Sambong	8.	Tering	7.
Kampementstraat Eur.	7 - 9.	Meester Corn.	7 - 9.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap 8)	7.30.
" Jav.	6 - 8.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedajoe	7.	Tjimahi	6 - 8.
Kota Baroe	6 - 7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon	7 - 8 - 9.
Djombang 1)	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Semarang:		Wates 7)	7.
Fort de Kock	7.30.	Muntok	8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:	
Gandjoeran 2)	7.	Ngawi 7)	7.30.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
Gombong 3)	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Tjandi	7.	Kramat	6 - 8 - 9 (mal.).
Keboemèn 4)	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Randoesari	7.	Wonosobo 8)	7.30.
Kediri	7.30.	Pajakoembo	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan	8.30.
Klatèn	7.30.	Palembang	7 - 9.	Soekaboemi	6 - 7.30.		
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pasoeroean 1)	7.30.				

1) 1e. Achad. 2) 1e. + 3e. Achad. 3) 2e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 6) 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad. 8) 4e. Achad.

Sapoenika, kawontenan ing ngrika sampoen lerem; pabrik-pabrik wiwit njamboet-damel malih.

Pangageng Wetgevende Raad ingkang dipoentjepeng golongan damel gègèr, sampoen dipoenpitoeloengi militèr, kaloewaraken.

***

BARITANIJAH. Eere burgerschap. Mac. Donald kalijan Snowden kala 19 Dec. pikantoek eere burgerschap London. Nalika semanten Mac. Donald medar sabda asoeraos: moegi anggènipoen mentas mertamoe dateng Amérika Sarikat poenika anoemoesi lestatoening katentremaning bawana; margi, kanggé ngadjengaken adiling djagad, poenika boten wonsanèsipoen ingkang lakoeng preloe kadjawi roekoenipoen Inggris kalijan Amérikah.

Déné toewan Snowden njarijosaken bilih saéning lalajananipoen djagad internationaal poenika boten badé saged lestantoen saé, manawi boten dinasaran adil.

***

Boten narimahaken tindakipoen Sovjet. Ing London salebetipoen minggoe kapengker wonten tijang pinten-pinten nglempak ing gedong Albert Hall perloe boten narimahaken tindakipoen parèntah Sovjet anggènipoen ngoeja-oeja golongon Agami. Tetijang ingkang sami ngalempak wonten ngrikoe, ingkang sapérangan ageng wanita. Kala samanten sadaja kémawon sami ngeningaken tjipta samenoet kanggé anggolongaken boedi lan manah ngèngeti tetijang ingkang sami nandang sangsara karana Agamanipoen ing tanah Sovjet.

Saking oesoelipoen Lord Erentford, parepatan ngwontenaken motie boten narimahaken sanget pamalinderipoen Sovjet dateng tetijang ingkang nglampahi Agami lan sakolahan² ingkang mawi dadasar Agami.

Imam Agoeng Heriz njarijosaken bilih wontening pangoeja-oeja ing Roeslan poenika, ingkang kasangsaran pijambak bangsa Jahoedi.

TIONGKOK. Ingkang dados sebab-sebabipoen burgeroorlog. Soepados para maos Swara Tama saged gamblang bab burgeroorlog ing nagari Tiongkok, ing ngriki koela petikaken sabab-sababipoen ingkang andjalari ing nagari waoe wonten paprangan sadèrèk sami sadèrèk.

Petikan ing ngandap poenika, saking *De Koerier*, déné Koerier pendetan saking salah satoenggiling koran Tjina ing Singgapoer gadahanipoen Sin Kuo Min Press. Sin Kuo Min Press. poenika adatipoen mangertos gamblang bab gloetat-gloeting kawontenan ing nagari Tiongkok, mila katrangan ing ngandap poenika kénging sanget pinitados.

Katjarijos, nalika presidèn Chiang Kai dados presidèn, ladjeng ngrantjang bezuiniging ngirid wedaling arta nagari ingkang sampoen tipis sanget déning wontening burgeroorlog ingkang kapengker. Margi makaten waoe, Chiang Kai Shek ladjeng badé njoeda katahing wadyabala. Roemaosipoen rèhné sampoen boten wonten burgeroorlog, boten preloe gadah wadya bala katahkatah.

***

Maarschalk Feng Hu Hsiang (gadah bala 250.000) ingkang ngerèhaken provincie Shensi, Honan, lan Kansu toemoenten dipoenabani soepados ngringkes pradjoeritipoen kadadosaken 125.000. Nanging Maarschalk Feng boten poeroen. Maarsch Sung Chit Yen pangageng wadyabala ing Shengsi, niroe tindakipoen Feng, lan wasana ladjeng dipoentjopot déning presidèn Chiang Kai Shek. Katjarijos, goeprenoer ing prov. Shansi (dédé Shensi) maarschalk Yen Shi Sin poenika setya dateng Parèntah Nanging. Maarschalk Yen Shi Sin ladjeng badé ngeloek pambalélanipoen Feng Hu Hsiang, sarana dipoenoelemi dateng Shansi, kaadjak rembagan. Nanging rembagipoen boten pikantoek damel, maarschalk Feng taksih tetep angekahi anteping manahipoen. Margi makaten poenika, maarschalk Feng ladjeng dipoentjepeng.

Mireng pawartos maarschalk Feng dipoentjepeng waoe, mitranipoen i. p. maarschalk Sung Chit Yen ladjeng ngimpoen wadya bala 100.000 ngraman wonten Shansi. Kraman poenika teroes pikantoek bijantoe djéndral Sun Liang Chen ing Hanan, lan Seck Ching Ting ing Shensi. Wadyabalanipoen tijang tiga poenika kapérang dados tigang golongan, angkahipoen badé ngrabasa kita Hankow teroes nggempoer kita-paprèntahan Nanking.

Wadyabalanipoen Maarschalk Feng ingkang katahan waoe, (125.000) ingkang kirang langkoeng 60.000 sami toemoet dados wadynipoen nagari, kapangagengan djéndral Han Fu Chu kalijan Ngai Yi San, déné tirahanipoen nglempara tanpa titindih.

***

Bala kraman ingkang kalih panta dipoenpangagengi Sung Chit Yen lan djéndral Sun Liang Chen sami mlampah saking Tungkwan dateng wates Shensi kalijan Honan, ladjeng patjakbaris wonten Loyang ing margi sepoer Lunghai.

Saking Loyang, wadybala golongan no. 1 (dipoentindihi Sun) mlampah dateng Tengfeng sakidoelkilèn Chengchow. Wonten margi saged noetoeti lampahipoen wadyabala 60.000 ingkang sami badé anggolong kalijan wadyabalaning parèntah, kaseboet nginggil. Wadya 60.000 poenika waoe dipoenperangi lan kapeksa kapoerih wangsoel. Lampahipoen bala Sun kapapagaken wadyabala Nanking 40.000 dipoenpangagengi Tang Seng Chee, temahan wadyabala kraman kaseser, kaoendoeraken doemoegi Loyang, ngantos sapriki taksih tjampoeh perang ramé.

Barisan kraman ingkang nomer 2, (dipoensénapatèni Sung Chit Yen) mlampah dateng Juehow. Sareng doemoegi 10 mil saking Juchow, barisan kraman kapapagaken wadyabala parèntah 60.000 dipoenkoemendiri Chiang Kai Shek pijambak. Wadya kraman kaseser sarta sami kepladjeng, dateng Tungkwan, nanging saben-saben inggih taksih wangsoel.

Katjarijos warga barisan kraman ingkang no. 3 (atitindih djéndral Seck Ching Ting) lampahipoen mangidoel, sarta saged loemebet ing kita Lohokow ing pro. Hupeh.

Barisan no. 3 poenika dipoenpapagaken wadyabala regeering ingkang dipoensénapatèni djéndral Liu Chi. Tjampoehipoen wadya kraman kalijan pradjoerit Nanking wonten ngriki sakalangkoeng ramé, doemoegi sapriki dèrèng wonten ingkang asor dèrèng wonten ingkang oenggoel.

***

Semoe-semoenipoen sedyanipoen wadya kraman tigang golongan waoe ingkang barisan no. 2 sageda ngrebat kita Hsuchouw, ladjeng wadya barisan no. 1 Chengchouw, lan wasana kalih-kalihipoen sasarengan nggepoek kita Hankow sisih Kidoel. Déné barisan no. 3 manawi sampoen saged ngebroki kita Siangyanfoe ladjeng rerèntjang, tiga pisan madjeng sareng angetog kekijatan nggempoer kita Hankow. Manawi sampoen saged ngrebat kita Hankow poenika tegesipoen sampoen gampil kémawon ngrebat Nanking ingkang dados doenoenging poeseripoen. paprèntahan.

***

Nalika Tiongkok sisih Lèr wonten kraman waoe, sisih Kidoel ladjeng noetoeti. Déné ingkang dados nalaripoen makaten: Djéndral Chang Fat Hui poenika mangagengi Hupeh Kilèn, baris wonten Ironsides lan Ichang. Kala samanten angsal dawoeh saking présidèn Chian Kai Shek soepados patjak baris wonten Hankow.

Nanging, malah ladjeng brontak, pradjoeritipoen kalampahaken mangidoel; ingkang dipoentoedjoe kita Canton. Wadyabala Chang Fat Hui ngangseg malebet ing kita Hunan, tjampoeh kalijan wadyabala Hunan ingkang dipoenpangagengi djéndral Ho Chien. Wadyabala kraman saged ndesek malebet, ngantos doemoegi provincie Kwansi. Sareng doemoegi Kwangsi ladjeng sakoeton kalijan djéndral Liu toewin Li Chun Jin, mangoen perang kalijan Canton, Wadyabalanipoen kapérang dados kalih golongan, ingkang sagolongan dipoen sénapatèni djéndral Chang, sanèsipoen djéndral ing Kwangsi kalih waoe. Wadyanipoen Chang ngangseg dateng kwantung Lèr medal Kweilin. Déné wadyabalanipoen djéndral ing Kwangsi, teroesan kémawon dateng Wuchow. Pradjoerit ing Kwantung kaseser, neda bijantoe pradjoerit saking Nanking, sarta inggih pikantoek bijanton saking Lèr kakintoenaken medal saganten.

***

Poenika para maos gantjeng-gantjenganipoen burgeroorlog ing Tiongkok. Ing ngriki tetéla, regeering Nanking dipoen-gapit saking Lèr lan Kidoel, kirang-kirang begdjanipoen saged hantjoer saèstoe.